# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 फरवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एक लाख करोड़ रुपये क सहरी चुनौती कोष–यूसीएफ के मंजूरी देवे बदे केन्द्रीय मंत्रिमण्डल क सराहना कइले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में उहां के कहलीं कि ई कोष उच्च गुणवत्ता वाले सहरी अवसंरचना देवे बदे बजारि वित्त, निजी भागीदारी आ नागरिक केन्द्रित सुधारन क उपयोग करी। प्रधानमंत्री कहलें कि ई पहल सहरन के देस क आरथिक वृद्धि के मुख्य प्रेरक बनाई। एगो रिपोर्ट–

***शहरी चुनौती कोष गृह और शहरी मामलों के मंत्रालय की एक केंद्र प्रायोजित संयुक्त योजना है। इसमें केंद्र की ओर से कुल एक लाख करोड़ रुपये की सहायता राशि दी जाएगी। इस कोष का उद्देश्य लचीले, उत्पादक, समावेशी और जलवायु के प्रति संवेदनशील शहरों का निर्माण करना है, ताकि उन्हें देश के आर्थिक विकास के अगले चरण के प्रमुख चालक के रूप में स्थापित किया जा सके। इससे परियोजनाओं को ऋण योग्य बनाकर ऋणदाताओं और निजी भागीदारों के लिए जोखिम को कम करके निजी पूंजी को आकर्षित करना है। यह कोष परियोजना लागत का 25 प्रतिशत तक का सहयोग देगा। बशर्ते की परियोजना लागत का न्यूनतम 50 प्रतिशत बाजार से जुटाया जाए, जिससे निजी भागीदारी के लिए एक स्पष्ट मार्ग प्रशस्त हो। समाचार कक्ष से मैं मनोज।***

**********

गृह मंत्री अमित शाह आजु गुजरात के गांधीनगर में वितरण तंत्र में पारदर्सिता ले अइले के उद्देस्य से देस क पहिला केन्द्रीय बैंक डिजिटल मुद्रा क सुभारम्भ कइलें। गृह मंत्री भरोसा जतवलें कि नया डिजिटल टोकन आधारित वितरण प्रणाली, सार्वजनिक वितरण प्रणाली में भ्रस्टाचार के खतम करी आ वितरण प्रक्रिया में जरूरी पारदर्सिता ले आई।

**********

देवाधिदेव महादेव के आराधना क महापरब महाशिवरात्रि आजु पूरा देस में सरधा अउर उल्लास के साथे मनावल जा रहल बा। प्रदेस भर में सज्जो शिवालयन में आजु तड़के से भगवान शंकर क दरसन–पूजन आ जलाभिषेक करे बदे सरधालुअन क लमहर कतार लागल हौ। महाशिवरात्रि के मौका पर बाबा विश्वनाथ क नगरी वाराणसी पुरहर तरह से शिवमय हो गइल बा।

***महाशिवरात्रि के पावन पर्व पर काशी नगरी पूरी तरह शिवमय हो गई है। काशी विश्वनाथ मंदिर में बाबा विश्वनाथ भक्तों को अपने पारंपरिक दूल्हा स्वरूप में दर्शन दे रहे हैं। भोर में संपन्न मंगला आरती के दौरान बाबा को विशेष दूल्हा पगड़ी पहनाई गई। सुबह करीब 3 बजकर 30 मिनट पर मंदिर के कपाट खुलते ही 'हर–हर महादेव' के जयघोष से पूरा परिसर गूंज उठा। जलाभिषेक के लिए श्रद्धालुओं की भारी भीड़ उमड़ी है। अब तक 5 लाख से अधिक भक्तों ने बाबा के दर्शन कर लिए हैं। श्रद्धालुओं के स्वागत में मंदिर परिसर में गुलाब की पंखुड़ियों की पुष्प वर्षा की गई। महाशिवरात्रि पर देश के 62 प्रमुख मंदिरों से आई विशेष भेंट भी बाबा को अर्पित की गई है। भक्तों की सुविधा के लिए 45 घंटे तक लगातार दर्शन की व्यवस्था की गई है। सुरक्षा के कड़े इंतजाम किए गए हैं। आकाशवाणी समाचार के लिए वाराणसी से मनीष सिंह।***

ओहर महाशिवरात्रि पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखपुर के गोरखनाथ मंदिर में वैदिक मंत्रोच्चार के बिच्चे भगवान शिव क विधि–विधान से जलाभिषेक कइलें।

प्रयागराज में माघ मेला क आखिरी खास नहान परब महाशिवरात्रि पर त्रिवेणी में ब्रह्ममुहूर्त से सरधालु आस्था क डुबकी लगा रहल हवें। महाशिवरात्रि तिउहार के सथहीं आजु माघ मेलो क औपचारिक समापन हो जाई।

महासिउराति के मौका पर वाराणसी के मारकण्डेय महादेव मंदिर, अजोध्या क नागेश्वरनाथ मंदिर, संतकबीनरगर क तामेश्वरनाथ मंदिर, बस्ती क भदेश्वरनाथ, देउरिया जिला क रूद्रपुर के दुग्धेश्वरनाथ मंदिर, कुशीनगर क कुबेर स्थान शिव मंदिर के सथहीं प्रदेस भर क सिवालयन में भगवान शंकर क दरसन–पूजन अउर जलाभिषेक बदे भिन्नहियें से सरधालुअन क भीड़ि लागल हौ।

**********

रेलवे में अब सामान्य श्रेणी कोच क सफाइयो प्रथम श्रेणी के तरियन कइल जाई। रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव बतवलें कि येह पहल के सुरूआति में छौ महिन्ना के भित्तर लमहर दूरी के अस्सी रेलगाड़ियन क पहिचान कइल जाई। उहां के बतवलीं कि येह रेलगाड़ियन में एक से डेढ़ घंटा के अंतराल पर सफाई बदे कर्मचारी तैनात कइल जइहें।

***जो ट्रेन्स हमारी चलती है लॉन्ग डिस्टेंस, स्पेशली उनका प्रॉपर एंड टू एंड क्लीनिंग हो सके। दूसरा, स्टेशन पे एक क्लिन ट्रेन स्टेशन का कॉन्सेप्ट बना है। कुछ लिमिटेड नंबर ऑफ स्टेशंस पे पूरी थोरो क्लीनिंग करने का अभी करंट सिस्टम है। इसके बजाए, ट्रेन के ओरिजिन से लेके ट्रेन के डेस्टिनेशन तक, कंटीन्यूअसली ट्रेन की क्लीनिंग हो।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखनाथ मंदिर में आजु आयोजित जनता दरसन के दौरान लोगिन क समेस्या सुनलें आ अधिकारियन के ओकरे निस्तारण क निरदेस दिहलें।

**********